# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–10 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रयागराज दौरा के दुसरका दिन्ने कई कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। उहां के सर्किट हाउस से प्रसार भारती क बिसेस चैनल कुंभवाणी अउर कुंभ मंगल धुन क लोकार्पण कइलीं। उहां के भरोसा जतवलीं कि ई एफएम चैनल न त खाली लोकप्रिय होई बलुक दूर–दराज के ओहूं गांव ले जाई जहां क लोगि इहवां नाहीं पहुंचि पावे लें।

**प्रसार भारती के एमएम चैनल ने दो हजार तेरह में भी, दो हजार उन्नीस में भी और आज जब महाकुंभ के इस आयोजन के हम साक्षी बन रहे हैं। इस अवसर पर भी कुंभ वाणी के नाम पर इस विशेष एफएम चैनल को यहां पर शुभारम्भ करने की कार्यवाही प्रारम्भ की है। मैं इसके लिये उत्तर प्रदेश सरकार की ओर से प्रसार भारती को हृदय से धन्यवाद देता हूं।**

हमरे प्रयागराज प्रतिनिधि बतवले हवें कि एक सौ तीनि दसमलव पांच मेगाहर्ट्स फ्रीक्वेंसी पर छब्बीस फरौरी ले येह चैनल क प्रसारण भिन्नहीं पांच बजि के पचपन मिनट से राति दस बजि के पांच मिनट ले कइल जाई।

येह मौका पर प्रसार भारती क अध्यक्ष नवनीत सहगल बतवलें कि महाकुंभ के जन–जन ले पहुंचावल प्रसार भारती क लक्ष्य हौ।

***आज कुंभवाणी का विशेष चैनल लांच किया गया है। माननीय मुख्यमंत्री उत्तर प्रदेश योगी आदित्यनाथ जी ने शुरू किया है। माननीय प्रधानमंत्री जी की जो उनका लक्ष्य है विकसित भारत के साथ साथ भारत की जो सनातन जो सांस्कृतिक विरासत है। उसको न केवल सहेजना बल्कि उसको प्रफ्फूलित उसको आगे बढ़ाना उस उद्देश्य से इस आयोजन को जन जन तक पहुंचाना हमारा लक्ष्य है***

केन्द्रीय सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल मुरूगनों लोकार्पण कार्यक्रम में वर्चुअल तौर पर जुड़लें अउर मुख्यमंत्री के प्रति अभार जतवलें। येह मौका पर उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक के सथहीं प्रदेस सरकार क कई गो मंत्री प्रसार भारती क मुख्य कार्यकारी अधिकारी गौरव द्विवेदी, आकाशवाणी क महानिदेसक डॉक्टर प्रज्ञा पालीवाल गौंड़, दूरदर्शन क महानिदेसक कंचन प्रसाद अउर आकाशवाणी आ दूरदर्शन क कई गो अउरियो सीनियर अधिकारी मौजूद रहलें।

एकरे बाद मुख्यमंत्री स्वतंत्रता संग्राम सेनानी अउर जनप्रतिनिधि स्वर्गीय कमला बहुगुणा के मुरती क अनावरण कइलें अउर स्वरूप रानी चिकित्सालय में नंदी सेवा संस्थान के ओरि से चलावल जा रहल मां कि रसोई क उद्घाटन कइलें। येह रसोई से गरीब लोगिन के खाली नौ रूपिया में भरपेट खाना मिली। उहां के यूपी स्टेट पवेलियन परदरसनी क उद्घाटनों कइलीं।

मुख्यमंत्री सेक्टर सात में कला कुंभो क सुरूआति कइलें। एहमें संग्रहालय, पुरातात्विक धरोहर, सांस्कृतिक विविधता अउर कुंभ से जुड़ल जनकारी क परदरसनी लगावल गइल हौ। उहां के बिसेस सटल अउर अटल सेवा नांव से इलेक्ट्रिक बसो के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलीं।

**********

अजोध्या में श्रीरामलला के प्राण प्रतिस्ठा क पहिली सालगिरह पर बिहने से तेरह जनौरी ले महोत्सव क आयोजन होई, जेकर सुभारम्भ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करिहें। पहिला दिन्ने रामलला के सोना–चांदी से बनल पिताम्बरी पहिरावल जाई। सज्जो कार्यक्रम क प्रसारण तमाम चैनलन के अलावा यू–ट्यूब, इंस्टाग्राम अउर फेसबुको पर कइल जाई। ठंडी के देखत सरधालुअन बदे अंगद टीला पर जर्मन हैंगर टेंट लगावल जा रहल हौ। सुरक्षा क बिसेस प्रबंधन हौ। बिसेस आमंत्रित मेहमानन क खास कार्ड के स्कैन कइ के प्रवेस दीहल जाई। श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क सदस्य डॉक्टर अनिल मिश्रा बतवलें कि लोगिन के सुविधा क खास धियान दीहल जाई।

**********

प्रदेस क पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह आजु गोरखपुर के चम्पादेवी पार्क में गोरखपुर महोत्सव क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रदेस के सज्जो जिला में महोत्सव मनावे क काम मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सुरू कइले हवें। उहां के कहलीं कि सज्जो लोगि प्रदेस के बिकसित बनावे क कोसिस करिहें, तब्बे प्रदेस अग्रणी राज्य बनी। येह मौका पर उहां के नेशनल बुक डिपो क परदरसनी अउर विज्ञान प्रदर्सनियों क उद्घाटन कइलीं। बारह जनौरी ले चले वाले येह माहोत्सव से जुड़ल सिल्प मेला सोरह जनौरी ले चली।

**********

मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस के सज्जो जिला में भिन्नहीं अउर राति के कुहेसा अउर सितलहरी जारी रहले क सम्भावना जतवले हौ। पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर अउर एकरे आसपास के जिला में आजु दिन में कुछु देर बदे घाम निकरल, हलांकि ठंडी जारी हौ। जौनपुर, हापुड़, गौतमबुद्धनगर अउर शामली के सथहीं कई जिला में आजु कुहेसा के नाते जन–जीवन अस्त–व्यस्त रहल।

**********